Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou resevwa asistans oswa sèvis kounye a? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON								
SI W DI WI, KIYÈS 13	KALITE ASISTANS	LOCATION RECEIVED	DATE RECEIVED					
Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou te resevwa asistans oswa sèvis nan lecase? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON								
SI W DI WI, KIYÈS 14	KALITE ASISTANS	LOCATION RECEIVED	DATE RECEIVED					
NEEDED	REFERRALS	COMPLETED	CONSIDER					
	Services		✓ FS Dependent Care Deductions					
	UIB							

LÒT ENFÒMASYON (swit)				WI	NON	KI MOUN
Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou epi kap fè aplikasyon soti nan nan yo lòt konte Eta Nouyòk pou li vin rete nan konte sa a pandan dènye de (2) mwa ki sot pase yo?						
Èske yo janm deklare oumenm oswa nenpòt lòt moun ki rete nan menm kay avèk ou koupab epi/oswa diskalifye w pou fwòd/oswa vyolasyon entansyonèl pwogram benefis Asistans Tanporè ak/oswa Koupon pou Achte Manje						
Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou te resevwa benefis yo pat dwe resevwa, epi yo pat remèt ajans sa a ni okenn lòt ajans benefis sa yo ann antye?						
Èske yo janm kondane oumenm oswa nenpòt lòt moun ki rete nan menm kay avèk ou paske ou te fè yon deklarasyon ki fo oswa ou te bay move enfòmasyon sou kote w rete a pou w ka resevwa Asistans Tanporè nan men de (2) eta oswa plis?						
Èske oumenm oswa nenpòt lòt moun ki rete nan menm kay avèk ou ap sove pou lajistis, prizon oswa kondansyon pou yon krim?						
Èske oumenm oswa nenpòt lòt moun ki rete nan menm kay avèk ou ap vyole pwobasyon oswa libète sou kosyon?						
KONDISYON TRANSFÈ BYEN						
Mwen <input type="checkbox"/> Mwen pa <input type="checkbox"/> vann, transfere oswa fè kado okenn byen bay pèsonn pou mwen ka jwenn Asistans Tanporè oswa benefis Koupon pou Achte Manje						

REQUESTED	DOCUMENTATION	IN FILE
	School Attendance Verification (LDSS-3708)	
	Educational Grant Worksheet	
	Child/Dependent Care Statement	
	Recoupments	
	Outstanding Overpayment	
	Pending Disqualification	

LI ENFÔMASYON ENPÔTAN KI PI BA LA A.

AVI

DEKLARASYON LALWA SOU VI PRIVE – LÈ NOU RANMASE EPI NOU SÈVI AK NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (SSNs) - Dapre Lalwa 1977 sou Koupon pou Achte Manje a (Food Stamp Act of 1977) (dapre chanjman ki te fèt nan lalwa sa a, 7 US Code 2011-2036) nou gen dwa pou nou pran nimewo sekirite sosyal chak moun nan yon kay ki gen Benefis Koupon pou Achte Manje.

Dapre youn oswa plizyè nan seksyon lalwa sa yo: seksyon 205(c) nan Lalwa sou Sekirite Sosyal [Section 205(c) [205(c) of the Social Security Act] (42 U.S. Code 405), seksyon 1137 nan Lalwa sou Sekirite Sosyal [Section 1137 of the Social Security Act] (42 U.S. Code 1320b-7), ak seksyon 7(a)(2) nan Lalwa 1974 sou Vi Prive [Section 7(a)(2) of the Privacy Act of 1974], li egzijib epi nou gen otorizasyon tou pou nou pran SSN pou lòt pwogram aplikasyon sa a mande yon SSN. Gade seksyon 6 ak 23 ni liv ki bay eksplikasyon epi ki rele "Kijan pou Ranpli Fòm" nan oswa pale ak travayè sosyal ou.

Nou pral sèvi ak enfòmasyon nou kolekte a pou nou deside si moun lakay ou yo kalifye oswa kontinye kalifye pou resevwa asistans oswa benefis. Nou pral verifye enfòmasyon sa a ak pwogram pou matche ki nan òdinatè nou yo. Nou pral sèvi ak enfòmasyon sa a pou kontwole si w swiv règleman pwogram yo epi pou nou jere pwogram yo.

Nou ka montre ajans lòt Eta oswa ajans Federal, enfòmasyon sa a pou yo ka egzaminen enfòmasyon an ofisyèlman epi nou ka bay otorite ki fè obsève lalwa yo enfòmasyon an pou yo kenbe moun kap sove pou evite lalwa.

Nou pral sèvi ak enfòmasyon sa a pou nou verifye idantite, pou nou verifye lajan yon moun touche nan travay ak lajan yon moun touche san se pa nan travay, pou nou ka detèminen si paran ki absan yo ka jwenn asirans maladi pou moun ki fè aplikasyon yo oswa pou moun kap resevwa benefis yo, pou nou ka detèminen si moun ki fè aplikasyon yo oswa moun kap resevwa benefis yo ka jwenn sipò pou timoun oswa sipò pou madanm oswa mari, epi pou nou ka detèminen si moun ki fè aplikasyon yo oswa moun kap resevwa benefis yo ka jwenn lajan oswa lòt èd.

Nou ka itilize enfòmasyon nou kolekte sou moun ki fè aplikasyon ak sou moun kap resevwa Asistans pou Fanmi ak Asistans Filè Sekirite, ansanm ak SSN yo, pou ede nou kreye yon lis non moun ki pou sèvi kòm manm jiri.

Si FS fè yon demann kont moun lakay ou, nou ka voye enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a, ansanm ak tout SSN yo, bay ajans Federal yo ak ajans Leta yo, epi nou ka voye enfòmasyon an bay ajans ki fè rekouvremant lajan yo epi ki regle demann prive yo, pou yo ka pran mezi pou yo fè rekouvremant sou demann yo prezante yo. Pou Benefis Koupon pou Achte Manje, ou bay enfòmasyon yo mande a, ansanm ak SSN chak moun lakay ou, si w vle sèlman. Men, nap refize bay FS pou nenpòt moun ki fè aplikasyon pou FS epi ki refize bay SSN yo. Nap itilize epi nap devwale SSN moun ki pa kalifye yo menm jan nou esplike nan paragraf anlè a.

RANBOUSMAN POU DEPANS MEDIKAL

MEDICAID - Nan aplikasyon pou Asistans Medikal ou a, oswa anvan de (2) an pase sou dat aplikasyon ou lan, ou gen yon dwa pou w mande pou yo remèt ou lajan ou te depanse pou w peye pou swen medikal, pou sèvis ak ekipman yo te ba w pandan twa (3) dènye mwa ki vini anvan mwa ou te fè aplikasyon an. Apre dat aplikasyon ou lan, nap ranbouse w pou swen medikal, sèvis ak ekipman ki kouvri yo, sèlman si se yon pwofesyonèl medikal ki nan pwogram Medicaid ki fè sèvis yo oswa ki ba w ekipman yo.

FAMILY HEALTH PLUS – Si yo detèminen ou kalifye pou Family Health Plus, enskripsyon ou lan ap vin ofisyèl pa pita pase apre 90 jou pase sou dat ou te prezante aplikasyon ou te ranpli a. Si gen yon erè oswa yon reta nan enskripsyon an, yo ka ranbouse w pou depans ou fè poutèt erè a oswa reta a. Yap kouvri depans ki poko peye yo sèlman si se yon pwofesyonèl medikal ki nan pwogram Medicaid la ki fè sèvis yo.

SIPÒ - Lè w fè aplikasyon oswa wap resevwa Asistans pou Fanmi (FA), Asistans Filè Sekirite oswa sèvis pou swen adoptif, se tankou moun ki fè aplikasyon an oswa moun kap resevwa benefis la transfere bay Leta ak distrik sèvis sosyal la tout dwa li genyen pou li jwenn sipò ki revni li de dwa nan men nenpòt lòt moun, menm jan an tou li transfere dwa li genyen pou li resevwa sipò pou nenpòt lòt moun nan fanmi an, si li fè aplikasyon pou moun sa a oswa si lap resevwa asistans sosyal pou moun nan (Lalwa sou Sèvis Sosyal, 158 ak 348). Gen lòt seksyon nan aplikasyon sa a ki bay plis esplikasyon sou transfè dwa.

AVI POU PA FÈ DISKRIMINASYON – Dapre lalwa Federal ak règleman Depatman Agrikilti nan Etazini [U.S. Department of Agriculture (USDA)] ansanm ak prensip Depatman Lasante ak Sèvis Imen nan Etazini [U.S. Department of Health and Human Services (HHS)], enstitisyon sa a pa gen dwa fè diskriminasyon poutèt ras, koulè, peyi kote moun soti, si se fanm oswa gason, laj, oswa enfimite. Dapre lalwa sou Koupon pou Achte Manje ak prensip USDA, yo entèdi diskriminasyon ki baze sou kwayans relijye ak kwayans politik.

Pou pote yon plent poutèt diskriminasyon, kontakte USDA oswa HHS. Pou ekri USDA, voye lèt la bay USDA, Director, Office of Civil Rights, Room 326-W, Whitten Building, 1400 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20250-9410 oswa rele (202) 720-5964 (nimewo telefòn pou pale ak moun epi nimewo telefòn TDD pou moun ki soud oswa ki pa tande byen). Pou ekri HHS, voye lèt la bay HHS, Director, Office for Civil Rights, Room 506-F, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201 oswa rele (202) 619-0403 (nimewo telefòn pou pale ak moun) oswa (202) 619-3257 (nimewo telefòn TDD pou moun ki soud oswa ki pa tande byen). USDA ak HHS se pwofesyonèl ki bay tout moun menm kalite sèvis yo epi konpayi ki bay tout moun opòtinite egal nan travay.

REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON POU KOUPEMAN POU ACHTE MANJE - Ou ka bay yon moun, ki konnen sityasyon moun nan kay la, otorizasyon pou li fè aplikasyon pou FS pou ou. Si w fè sa, fè yo siyen nan seksyon ki genyen pou Siyati a eoi ki nan fen paj 16 la. Ou ka bay yon lòt moun tou ki pa nan kay la otorizasyon pou li pran FS pou ou oswa otorizasyon pou li sèvi ak koupeman FS yo pou li achte manje pou ou. Si w ta renmen bay yon moun otorizasyon, ekri non moun nan an lèt majiskil, adrès li ak nimewo telefòn li dirèkteman nan espas ki pi ba la a.

NON, ADRÈS AK NIMEWO TELEFÒN REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON AN (TANPRI EKRI AN LÈT MAJISKIL)

SANKSYON – Nou ka fè investigasyon sou aplikasyon ou lan. Lè w siyen akò sa a, ou aksepte pou w kolabore nan investigasyon an. Lalwa Federal ak lalwa Eta a bay dwa pou sanksyon pou peye amann oswa pou prizon, oswa toude si w pa bay laverite lè w fè aplikasyon pou Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Benefis Koupon pou Achte Manje, Sèvis oswa Asistans pou Swen Timoun (Asistans, Benefis, oswa Sèvis) oswa nenpòt ki lòt yo poze w kesyon sou kalifikasyon ou, oswa lè w fè yon lòt moun pa bay laverite nan aplikasyon ou lan oswa sou rezon ki fè w kalifye pou w kontinye resevwa benefis yo. Nou pran sanksyon si w kache oswa w pa bay enfòmasyon sou premye fwa ou te kalifye a epi sou rezon ki fè w kalifye pou w kontinye genyen Asistans, Benefis oswa Sèvis, oswa si w kache oswa w pa bay enfòmasyon ki ta ka afekte dwa yon moun, ou te fè aplikasyon pou li genyen pou li resevwa oswa pou li kontinye resevwa Asistans, Benefis oswa Sèvis; epi yo fèt pou itilize Asistans, Benefis oswa Sèvis sa yo pou lòt moun nan, men pa pou oumenm. Lalwa Federal ak lalwa Eta yo di, si nenpòt moun oswa madanm oswa mari yon moun transfere byen, pou mwens pase sa li vo a, pandan 36 mwa (oswa 60 mwa, si se transfè non yon kont apa) anvan premye jou nan mwa moun nan resevwa sèvis nan yon enstitisyon ki pran swen moun malad epi moun nan voye yon aplikasyon pou Asistans Medikal, sa ka fè moun nan pa kalifye pou li resevwa sèvis nan enstitisyon ki pran swen moun malad la oswa sèvis adomisil ak sèvis kominotè pou yon tan. Li pa legal pou yon moun jwenn Asistans, Benefis oswa Sèvis lè li kache oswa li bay enfòmasyon ki fo.

LI ENFÒMASYON ENPÒTAN KI PI BA LA A.

AVI (kontinye)

AVÈTISMAN SOU SANKSYON POU BENEFIS KOUAPON POU ACHE MANJE (FS)

Otorite lokal, federal ak leta pral verifiye nenpòt enfòmasyon ou bay an koneksyon ak aplikasyon ou fè pou Benefis Koupon pou Achte Manje a. Si nenpòt nan enfòmasyon an pa kòrèk, yo ka refize ba w FS. Yo ka pouswiv ou pou krim poutèt ou te fè espere ou bay enfòmasyon ki pa kòrèk.

Ou pap janm ka resevwa (FS) ankò si:

- Tribinal deklare ou koupab pou dezyèm fwa poutèt ou te fè echanj FS pou w te ka achte oswa ou vann sibstans ki sou kontwòl (dwòg ilegal oswa kèk medikaman ki egzije preskripsyon yon doktè); **oswa**
- Tribinal deklare w koupab paske w te fè echanj FS pou w te ka vann oswa pou w te ka jwenn zam, minisyon oswa esplozif; **oswa**
- Tribinal deklare w koupab paske ou fè trafik FS ki vo \$500 oswa plis. Fè trafik vle di itilize, transfere, pran kontwòl, modifiye oswa posede Koupon pou FS, kat otorizasyon oswa aparèy ki bay aksè a FS ilegalman; **oswa**
- Tribinal deklare ou koupab poutèt ou komèt yon twazyèm Volyasyon Entansyonèl nan Pwogram nan [Intentional Program Violation (IPV)].

Ou pap kapab resevwa FS pandan de (2) ane, si se premye fwa yon tribinal deklare ou koupab paske ou te fè echanj FS pou ou te ka achte oswa vann sibstans ki sou kontwòl (dwòg ilegal oswa kèk medikaman ki mande preskripsyon yon doktè).

25

Si w fè:

- Premye IPV, ou pap ka resevwa FS pou yon ane.
- Dezyèm IPV, ou pap ka resevwa FS pou de (2) ane.

Yon tribinal ka defann ou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje pou yon lòt 18 mwa anplis.

Si w fè yon deklarasyon ki fo sou kiyès ou ye oswa sou kote ou rete pou w ka jwenn plizyè FS, ou pap ka resevwa FS pou dizan (10 an) (oswa **pou tout tan** si se twazyèm IPV a).

Yo ka deklare ou koupab pou yon Vyolasyon Entansyonèl nan Pwogram nan, si w:

- Fè yon deklarasyon pou twonpe moun, oswa si ou mal prezante detay yo, ou kache detay yo oswa ou pa bay kèk detay; **oswa**
- Komèt nenpòt zak ki yon vyolasyon lalwa federal oswa lalwa Eta kote ou rete a pou ou ka itilize, prezante, transfere, gen kontwòl, resevwa, posede oswa fè trafik koupon yo, kat otorizasyon oswa dokiman ki kapab itilize ankò epi ki fè pati sistèm Transfè Elektwonik pou Benefis la [Electronic Benefit Transfer] (EBT).

Yo ka fè w peye yon amann ki ka koute jiska \$250,000, yo ka mete w nan prizon pou jiska 20 an, oswa toude.

TRANSFÈ DWA. OTORIZASYON ak KONSANTMAN

TRANSFÈ ASIRANS AK LÒT BENEFIS - Pou Asistans Tanporè ak Asistans Medikal, mwen dakò pou mwen prezante nenpòt demann pou benefis asirans maladi oswa benefis asirans pou aksidan epi pou mwen kontinye nenpòt demann pou domaj pèsonèl oswa nenpòt lòt resous mwen ta gen dwa pou mwen genyen, epi mwen transfere tout resous sa yo bay otorite sèvis sosyal kote mwen fè aplikasyon sa a. Anplis, mwen va bay èd mwen pou mwen fè transfere nenpòt benefis ki disponib bay otorite sèvis sosyal kote mwen fè aplikasyon sa a.

26

REKOUVREMAN POU ASISTANS TANPORÈ (TA) – Yo ka fè w ranbouse TA, ou resevwa pou oumenm ak pou moun ou legalman reponsab pou sipòte yo, nan byen oswa lajan ou genyen oswa ou vin genyen. Yo ka egzije w, kòm yon kondisyon pou w resevwa TA a, pou w siyen bay yon papyè kay oswa ipotèk (*mortgage*) ou genyen sou yon pwopriyete ou pwosede. Yo ka pran lajan taks yo ranbouse w ansanm ak kèk pati nan lajan lotri ou genyen pou peye dèt TA w la.

REKOUVREMAN POU ASISTANS MEDIKAL (MA) – Lè w resevwa MA, nan kèk sikonstans, nou ka mande pou nou genyen yon privilèj ak pou nou fè rekouvremant sou pwopriyete ou posede, si w nan yon enstitisyon medikal epi yo pa panse wap retounen lakay ou. Nou ka mande moun ki gen responsablite legal pou sipòte w lè yo te ba w sèvis medikal sa yo pou yo remèt MA nou te peye pou ou a. MA ka fè rekouvremant tou pou lajan sèvis yo koute a ak pou prim asirans ki pat peye kòrèkteman.

PWOGRAM LASANTE POU CHILD/AÑOLESAN – Mwen byen konprann si pitit mwen nan Child Health Plus A (Medicaid), li ka jwenn bon jan kalite swen prensipal ak swen prevantif, li ka jwenn tout tretman ki nesèsè yo nan Pwogram Lasante Timoun/Adolesan an. Mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a nan Depatman Sèvis Sosyal la.

OBLIGASYON POU RAPÒTE/VERIFIYE DEPANS NAN KAY – Moun ki nan kay la dwe rapòte depans pou swen pou timoun ak sèvis bibliyèk, pou yo ka resevwa yon dedikasyon FS pou depans sa yo. Moun nan kay la dwe rapòte epi bay verifikasyon sou peman lwaye/ipotèk, taks sou pwopriyete, asirans, depans medikal ak lajan sipò pou timoun yo peye yon moun ki pa nan kay la pou yo ka resevwa yon dedikasyon FS pou depans sa yo.

Lè ou pa rapòte/bay verifikasyon sou depans ki make anwo a yo, sa pral vle di moun nan kay yo pa vle resevwa yon dedikasyon pou depans yo pa rapòte/pa bay verifikasyon pou yo a. Yon dedikasyon pou depans sa yo ka fè ou kalifye pou FS oswa sa ka ogmante benefis FS ou yo. Ou ka rapòte/bay verifikasyon sou depans sa yo nenpòt ki lè nan lavni. Lè sa a, yo pral aplike dedikasyon sa a sou lè yap fè kalkil benefis FS yo nan mwa kap vini nan lavni yo dapre règleman pou swiv pou fè chanjman lè yap rapòte benefis yo.

26

PEMAN DIRÈK – Mwen bay otorizasyon pou yo peye lajan yo dwe mwen oswa yo dwe moun ki rete nan menm kay avèk mwen, pou benefis asirans maladi oswa asirans pou aksidan, dirèkteman bay otorite sèvis sosyal apwopriye yo pou sèvis medikal ak lòt sèvis sante yo te ba nou lè nou te kalifye pou Asistans Medikal.

MEDICARE – Mwen bay otorizasyon yo voye peman “Medicare” (Part B of Title XVIII, Pwogram Asirans Medikal Sipleman) dirèkteman bay doktè ak bay konpayi ki vann ekipman medikal pou nenpòt bòdwo ki poko peye, ki pral vini, pou sèvis medikal ansanm ak lòt sèvis sante yo te ba mwen pandan mwen kalifye pou Asistans Medikal la.

CHANJMAN - Mwen dakò pou mwen fè ajans la konnen **touswit** nenpòt chanjman ki fèt nan sa mwen bezwen, lajan mwen touche, byen mwen, aranjanman sou kote mwen rete oswa adrès mwen dapre sa mwen konnen ak sa mwen kwè .

Si mwen fè aplikasyon pou asistans pou swen timoun, mwen dakò pou mwen fè ajans la konnen byen vit si gen nenpòt chanjman ki fèt nan aranjanman pou swen timoun, tankou kote yo okipe timoun nan, moun kap bay timoun nan swen an, kantite kòb moun kap bay swen an mande, epi lè mwen bezwen swen pou timoun lan.

KONSANTMAN POU ENVESTIGASYON - Mwen dakò pou yo fè nenpòt investigasyon pou verifiye oswa pou konfime enfòmasyon mwen bay epi ki gen rapò ak demann mwen fè pou TA, MA, FS, Sèvis oswa Asistans pou Swen Timoun. Si yo mande plis enfòmasyon, mwen va bay li. Mwen va kolabore ak anplwaye Leta ak anplwaye Federal ki nan Depatman ki fè Revizyon Kontwòl Kalite pou Asistans Tanporè ak/oswa pou Koupon pou Achte Manje.

LI ENFÒMASYON ENPÒTAN KI PI BA LA A EPI SIYEN NAN FEN PAJ LA.

TRANSFÈ DWA, OTORIZASYON AK KONSANTMAN (kontinye)

ALOKASYON POU SÈVIS PIBLIK NÒMAL (SUA) [STANDARD UTILITY ALLOWANCE] - Mwen konprann moun kap resevwa Asistans Tanporè (TA) ak benefis Koupon pou Achte Manje (FS) nan kategori moun ki kalifye pou Pwogram Asistans pou Enèji Lakay [Home Energy Assistance Program] (HEAP) dapre salè yo. Si mwen pa nan peman otomatik anyèl HEAP la pou kèk moun ki resevwa TA ak FS, mwen gen entansyon pou mwen fè aplikasyon pou yon benefis HEAP nan pwochen 12 mwa ka vini yo. Si mwen deside pou mwen pa fè aplikasyon pou HEAP anvan 12 mwa pase, mwen va mete travayè sosyal mwen an okouran sa. Mwen konprann tou moun kap resevwa FS yo kalifye pou yon alokasyon pou telefòn si yo peye pou telefòn lakay yo, telefòn selilè, kat telefòn oswa telefòn piblik. Si mwan pa peye pou koutifil, mwen va fè travayè sosyal mwen an konn sa.

TRANSFÈ DWA POU SIPÒ – Mwen bay Leta ansanm ak distrik sèvis sosyal yo tout dwa mwen genyen pou mwen resevwa sipò nan men moun ki gen reponsablite legal pou ba mwen sipò epi tout dwa mwen genyen pou mwen jwenn sipò sou non nenpòt moun nan fanmi an.

OTORIZASYON POU BAY DOSYE LEKÒL – Mwen bay Leta ansanm ak depatman sèvis sosyal lokal la pèmision pou yo:

- Chache jwenn nenpòt enfòmasyon sou dosye lekòl mwen ak/oswa pitit mwen (yo) ki minè, ki gen non yo ekri sou fòm sa a, ansanm ak enfòmasyon yo bezwen pou mande ranbousman pou MA pou sèvis edikatif ki gen rapò ak lasante.
- Bay ajans gouvènman federal ki apwopriye a aksè a enfòmasyon sa a pou kontwòl sèlman

OTORIZASYON POU BAY ENFÒMASYON POU PWOGRAM ENTÈVANSYON BONÈ – Si yo evalye pitit mwen oswa li patisipe nan Pwogram Entèvansyon Bonè nan Eta Nouyòk, mwen bay Depatman Sèvis Sosyal lokal la ak Eta Nouyòk pèmision pou yo pataje enfòmasyon sou kalifikasyon pitit mwen pou Asistans Medikal ak Pwogram Entèvansyon Bonè ki gen nan konte oswa nan minisipalite kote mwen rete a pou yo ka voye bòdwo bay Asistans Medikal sèlman.

OTORIZASYON POU BAY ENFÒMASYON MEDIKAL – Mwen dakò pou Doktè Pèsonèl mwen, nenpòt lòt pwofesyonèl medikal oswa Depatman Lasante Eta Nouyòk (SDOH) voye nenpòt enfòmasyon medikal sou mwenmenm ansanm ak nenpòt moun nan fanmi an, mwen ka bay konsantman pou yo, bay plan asirans maladi mwen oswa nenpòt lòt pwofesyonèl medikal ki patisipe nan fè tretman pou mwenmenm oswa fanmi mwen, depi li rezonabman nesès pou plan asirans maladi mwen oswa pou pwofesyonèl medikal yo ka fè tretman pou mwen, pou peman, oswa pou fonksyonman swen lasante; pou plan asirans maladi mwen ak pwofesyonèl medikal yo bay SDOH oswa lòt ajans federal, leta, lokal enfòmasyon pou administrasyon pwogram Medicaid, Child Health Plus ak pwogram Family Health Plus; epi pou plan asirans maladi mwen voye enfòmasyon bay lòt moun oswa òganizasyon, depi li rezonabman nesès pou plan asirans maladi mwen fè tretman, peman, oswa pou fonksyonman swen lasante. Mwen dakò tou pou enfòmasyon yo bay la gen enfòmasyon sou

VIH, lasante mantal oswa abi alkòl oswa dwòg sou mwenmenm ak moun nan fanmi mwen depi lalwa pèmèt sa. Si gen plizyè moun ki majè nan fanmi an epi kap rantrè nan plan asirans maladi Family Health Plus oswa Medicaid, li nesès pou gen siyati chak moun ki majè epi kap fè aplikasyon pou konsantman pou bay enfòmasyon an.

LIFELINE – Pou moun ki fè aplikasyon/kap resevwa Asistans Tanporè ak/oswa Koupon pou Achte Manje: Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite nan Eta Nouyòk la ka oswa li ka pa devwale non ou ak adrès ou bay konpayi telefòn ki ba w sèvis la. Konpayi telefòn ki ba w sèvis la ka itilize enfòmasyon sa a oswa li ka pa itilize enfòmasyon an pou li enskri w nan Sèvis Lifeline lan a yon pri redwi.

Si w pa vle pou yo devwale enfòmasyon sa a, make bwat sa a .

Ou ka kontakte konpayi telefòn ki ba w sèvis la dirèkteman pou w enskri nan Sèvis Lifeline a pri redwi a. Moun ki fè aplikasyon/kap resevwa Medicaid sèlman dwe kontakte konpayi telefòn ki ba yo sèvis la dirèkteman pou yo enskri nan Sèvis Lifeline nan a pri redwi a.

OTOTRIZASYON POU RANBOUSMAN BENEFIS ASISTANS PIBLIK NAN PEMAN RETWOAKTIF SSI

– Mwen bay Komisyonè Administrasyon Sekirite Sosyal [Social Security Administration (SSA)] pèmision pou li voye bay distrik sèvis sosyal lokal la kantite lajan yo dwe mwen, nan moman premye peman mwen an pou (1) benefis retwoaktif nan pwogram Revni Anplis pou Sekirite [Supplemental Security Income] (SSI) mwen ka resevwa lè mwen fè aplikasyon pou SSI oswa (2) benefis SSI retwoaktif mwen ka resevwa si yo koupe oswa sispann benefis SSI mwen yo epi apre sa yo vin ban mwen yo ankò.

Mwen konprann distrik sèvis sosyal lokal la, ka pran nan peman SSI mwen an, kantite Asistans Piblik (eksepte asistans ki te peye nèt oswa anpati avèk lajan federal) yo te peye mwen pandan tan ki kòmanse nan premye jou mwen kalifye pou SSI la oswa premye jou yo te vin ban mwen benefis SSI yo ankò aprè yon tan lè yo te sispann ban mwen yo oswa yo te koupe benefis yo; epi ki fini nan mwa peman SSI yo te kòmanse tout bon vre (oswa mwa ki vini apre a, si distrik sèvis sosyal lokal la pa ka anpeche yo voye dènye peman asistans piblik mwen an ban mwen pandan mwa peman SSI yo te kòmanse a).

Apre yo fin pran lajan sa a nan chèk SSI mwen a (yo), distrik sèvis sosyal lokal la pral peye mwen rès lajan an, si genyen ki rete, pa pita pase sou 10 jou travay apatide dat li resevwa peman SSI mwen an. Mwen konprann tou si distrik la pran plis lajan pase sa mwen panse Asistans Piblik te peye mwen an, yo va ban mwen yon posiblite pou yo fè yon odisyon.

Mwen konprann:

- SSA ka sèvi ak dat mwen prezante otorizasyon ki siyen a bay distrik sèvis sosyal lokal la, kòm premye dat mwen vin kalifye pou SSI, si mwen voye yon aplikasyon pou premye Benefis SSI nan pwochen 60 jou kap vini yo.
- Yo pral itilize otorizasyon sa a pou nenpòt aplikasyon oswa demann pou fè apèl pou SSI, ki gen rapò avèk mwen, ki ann atant kounye a nan SSA epi pou nenpòt aplikasyon SSI mwen fè oswa demann pou apèl mwen fè sou peryòd ki fini yon ane apre mwen siyen akò sa a.

Otorizasyon sa a va fini yon (1) ane apre distrik sèvis sosyal lokal la te resevwa li, epi li pap gen okenn efè sou aplikasyon mwen fè pou SSI, demann pou rekonsiderasyon oswa revizyon si yo fin pran yon desizyon sou ka mwen an, si SSA fè yon premye peman SSI, swa sou aplikasyon mwen an oswa apre yon peryòd tan lè yo te sispann oswa koupe SSI la, oswa si Leta ansanm ak mwenmenm, noutouledè dakò pou nou anile otorizasyon an.

Mwen li epi mwen konprann avi ki ekri nan paragraf anwo a yo. Mwen konprann epi mwen dakò ak transfè dwa, otorizasyon epi konsantman yo ki anlè a. Mwen sèmante epi/oswa afimen, sou pèn fo temwayaj, enfòmasyon mwen bay yo oswa pral bay distrik sèvis sosyal lokal la se laverite.

SIYATI MOUN KI FÈ APLIKASYON AN/REPREZANTAN

DAT LI SIYEN

SIYATI MARI/MADANM OSWA REPREZANTAN KAP PWOTEJE

DAT LI SIYEN

X

28